ФИфI фымыгъэпуд, фи IеЙ фымыгъэпщкIу

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№224 (23.382) ● 2016 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 22, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Япэ итахэр я гъуазэу

● Дзэ къулыкъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дзэм къулыкъу щащIэну яшэ ди щIалэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ республикэ военкоматым щэбэт кIуам щахуэзащ.

«ХЭКУМ къулыкъу хуэпщIэныр сыт щыгъуи щIыхьщ икIи жэуаплныгъэ зыпылъщ. Урысейм и Президентым, адрей унафэщIхэм куэд зэфIагъэкI къаралым и лъэщагъыр гъэбыдэным хузунэтIауэ. Дзэр иджырей Iэщэкъэ зэщIаузадэ, ар зыхуэдэр, абы и зэфIэкIыр дуней псом къыщалъытэ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм, ныбжьыщIэхэм защыхуигъазэм.

Щ1ынальэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ дзэм дэкI ди щIалэхэм республикэм и щIыхьыр хуэфащэу зэрахьумэнур, я пщIэр зэрагъыхьынур и фIэщ зэрыхьур. «Дэ дыкъокIуэкI дзэм дгъакIуэ ди щIалэхэм дригушхуэу, яхэлъ гъэсэныгъэм, лIыгъэм, нэхъыжьхэм пщIэ зэрыхуащIым папщIэ. Дыфщогугъ абыхэм я щапхъэм фригъуазэу фи къулыкъур ефхьэкIыну», - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

Дэтхэнэ щIалэми ираташ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и телефон номерхэр зэрыт, хуей хьумэ, зэрызыкъыхуагъэзэну тхыльэ щIыкIуэхр.

Мы иджырей дэкIыгъуэм хиубыда ди щIалэхэр Тэн Iус Ростов къалэрщ здашар. Абыхэм Урысей Федерацэм и Хьэуа-хьэрш къарухэм къулыкъу щрагъэщIэнуц.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу ныбжьыщIэ 1300-р мы гъэм дзэм ираджащ. «Дэ яужь дитщ армэм дэдгъэкI ди щIалэхэм я бжьгъэм илъэс къэс зэрыхэдгъэхъуэным. Дляпкри абы дыхущIэкъунущ», - къыхигъэбелджылыкIащ КIуэкIуэ Юрий.

Дэтхэнэ щIалэми ираташ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и телефон номерхэр зэрыт, хуей хьумэ, зэрызыкъыхуагъэзэну тхыльэ щIыкIуэхр.

Мы иджырей дэкIыгъуэм хиубыда ди щIалэхэр Тэн Iус Ростов къалэрщ здашар. Абыхэм Урысей Федерацэм и Хьэуа-хьэрш къарухэм къулыкъу щрагъэщIэнуц.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

● Дыгъуасэ

КIуэкIуэ Ю. А. цIыхухэм щахуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ екIуэлIапIэм

Дыгъуасэ КIуэкIуэ Юрий цIыхухэм щаIущIащ Урысей Федерацэм и Президентым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ екIуэлIапIэм. Ар хэплъащ псэупIэхэр егъэфIэкIуэным, гугъуехь хэхуа унагъуэхэм ядэIэпыкъуным, сабий ныкъуэдыкъуэм къэралым и щIыбкIэ къыщIеIэзэн папщIэ гъэкIуэным теухуауэ Бахьсэн, Щэджэм, Iуащхьэмахуэ районхэм ящыщхэм зэрызыкъыхуагъэзахэм.

ДэтхэнэкIэ зы Iэхуми теухуауэ къэрал властымрэ управленэмрэ я органхэу зыхуэфащэхэм пщэрылъ щащIащ лэжьыпхъэхэр яубзыхуну икIи ахэр щагъэзэщIэну пIалъэ щIыгъуэ ягъэбелджылыну.

Республикэм и Iэтащхьэр цIыхухэм щахуэзэм щIэсащ КъБР-м къеГъэщIылIа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников В. А.

2016 гъэр кIыхьэрыунэхурэ республикэм и Iэтащхьэм псори зэхэту зыкъыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм ящыщу цIыху 215-м.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Республикэр нэхъ зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзыр

● ЗэIущIэхэр

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министр Емуз Нинэ яхуэзащ курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэ еджапIэхэм я унафэщIхэм.

ЗЭIУЩIЭР щекIуэкIащ «ХуэакIуэI» колледжым. Ар щIидзэным ипэ кIихуэу Емуз Нинэ зригъэлъэгъуащ студентхэм я общежитым, еджапIэм и пэщхэм яIэ щытыкIэхэр, техникэ и лъэныкъуэкIэ ахэр зэрызэщIэуздар.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ щIыналъэ экономикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзырыр папщIэ программэ зэхэгъэувэн, зэрырагъаджэ-методикэ литературэкIэ еджапIэхэр къызэгъэпэщын зэрыхуейм, зи узынщагъэм сакъат иIэ ныбжьыщIэхамкI курыт щIэныгъэ егъэгъуэтын папщIэ къэбгъэсэбэп хъуну Iэмалхэм. Абыхэм къищынэмыщIауэ, Iуэхущ1апIэ къэс я лэжьыгъэр къыщагъэлъагъуэ сайтхэр къапщытэ, ахэр нэхъыфI зэращIын Iэмалхэри яубзыхуащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● ЗэIущIэхэр

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министр Емуз Нинэ яхуэзащ курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэ еджапIэхэм я унафэщIхэм.

ЗЭIУЩIЭР щекIуэкIащ «ХуэакIуэI» колледжым. Ар щIидзэным ипэ кIихуэу Емуз Нинэ зригъэлъэгъуащ студентхэм я общежитым, еджапIэм и пэщхэм яIэ щытыкIэхэр, техникэ и лъэныкъуэкIэ ахэр зэрызэщIэуздар.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ щIыналъэ экономикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр ягъэхьэзырыр папщIэ программэ зэхэгъэувэн, зэрырагъаджэ-методикэ литературэкIэ еджапIэхэр къызэгъэпэщын зэрыхуейм, зи узынщагъэм сакъат иIэ ныбжьыщIэхамкI курыт щIэныгъэ егъэгъуэтын папщIэ къэбгъэсэбэп хъуну Iэмалхэм. Абыхэм къищынэмыщIауэ, Iуэхущ1апIэ къэс я лэжьыгъэр къыщагъэлъагъуэ сайтхэр къапщытэ, ахэр нэхъыфI зэращIын Iэмалхэри яубзыхуащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ ТекIушэ Артур

Шэджэм муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжьмкIэ и советым щэкIуэгъуэм и 18-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ щагъэуващ ТекIушэ Артур Александр и къуэр.

СЕССИЕМ и лэжьыгъэм хэтащ районым и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыщыхахыну конкурсыр езыгъэкIуэкIа комиссэм и унафэщI, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжьмкIэ и управленэм и унафэщI Сарбашевэ Светланэ, КъБР-м и Парламентым РегламентымкIэ, депутат щэнхабзэмкIэ, Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIуэнымкIэ и комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъумрэ кадрэмрэ ехьэлIа IуэхуэхэмкIэ и управленэм и унафэщI Емуз Алихъан сымэ.

Щэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувынур къыщыхахыну конкурсым щIыхуитIым и тхыльэр къыIэрыхьауэ щытащ икIи а тIури конкурсым щыIэпеуащ.

Конкурсым кърикIуахэр къыщапщытэжа зэIущIэм комиссэм хэтхэм Iэ зэрыщаIэтам илъ яткIэ а IэнатIэм нэхъ хуэщIауэ къалъытащ район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ ТекIушэ Артур икIи абы и кандидатурэр щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжьмкIэ советым и зэIущIэм къыщыхалъхьащ. Депутатхэм зэакъылэгъуу а кандидатурэм папщIэ Iэ яIэтри, ар район администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэуващ, Щэджэм муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжьмкIэ и советым и еханэ хэхьгъуэм и полномочиехэр ирухьу тетыну.

ТекIушэ Артур Александр и къуэр КъБР-м щыщ Щэджэм районым хыхьэ Щэджэм ЕтIуанэ къуажэм 1961 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр агромелиоративнэ институтыр, КПСС-м и ЦК-м и деж щыIа парт школ нэхъыщхьэр къиуващ.

Инженер-гидротехник нэхъыщхьэу «Щэджэм» колхозым лэжьэн щыщIидзащ. 1991 гъэм щыщIэдзауэ Щэджэм ерыскъы комбинатым и унафэщIым и къуэдзэу, 1996 - 2004 гъэхэм Щэджэм районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу, 2004 - 2009 гъэхэм КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщIу щытащ. 2015 гъэм щегъэжьауэ КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узынщагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIу лэжьащ.

2016 гъэм щIышылэм и 13-м щыщIэдзауэ Щэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщIащ.

КIАРЭ Элинэ.

● Жылагъуэ Iуэху

Урысейпсо къэпщытэныгъэр КъБКъУ-м щокIуэкI

ЩэкIуэгъуэм и 20-м КъБКъУ-м щекIуэкIащ Урысейпсо географие диктант. Урыс географие зэгухьэныгъэм и Попечительскэ советым и Тхьэмадэ, УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща а къэралпсо къэпщытэныгъэм и мурад нэхъыщхьэхэр Урысей Федерацэм щыпсэу цIыхухэм хэкум и географие и лъэныкъуэкIэ ябгъэдэлъ щIэныгъэр убзыхуныращ, апхуэдизу а унэтIныныгъэм щиIэ пщIэмрэ гупльытэмрэ къыщыIэтыныращ. Университетым нэмыщI диктантыр щекIуэкIащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ уардэунэм.

УРЫСЕЙПСО географие диктантым хэтыну КъБКъУ-м къекIуэлIат цIыху 600-м щIигъу - республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, колледжхэм я егъэджакIуэхэр, студентхэр, курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щIэсхэр. Ахэр университетым и пэш нэхъ инхэм ящыщ зым щызэхуашэсащ. Диктантым щIидзэн ипэ абыхэм захуигъэзащ КъБКъУ-м и проректор Баразбиев Мусльим. Диктантыр зэрекIуэкIыну щыкIэхэм я гугъу ищIа нэужь, ар къэпщытэныгъэм хэтхэм ехъуэхъуащ ехъуIэныгъэкIэ лэжьыгъэм пэлъэщыну.

Мыгъэрей диктантыр нэхъ гугъуу зэхэлът, нэгъабэрэм елпытмэ. УщIэ 30 хъу къэпщытэныгъэр зэхэтт географием и унэтIныныгъэ зэмылIэужьыгъуэм хьыбэ лэжьыгъэхэмкIэ. Апхуэдизкъ, къалпщтэмэ, топографием епхахэр, ди къэралым и къалэ нэхъ инхэм, бгылъэ щIыпIэхэм я щхьэхуэныгъэхэм пыщIахэр, литературэми географиеми ехьэлIахэр, нэгъуэщIхэри.

Диктантым кърикIуахэр дыгъэгъазэм и 25 пщIондэ наIуэ къыщащIынущ Урыс географие зэгухьэныгъэм и сайтым.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Мэкъумэш IэнатIэ

Гъэшми къыхохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Iуэхущ1апIэхэр я къалэным хуэбгъэлэрыгъыркъым.

МЭКЪУМЭШ предприятэхэм, фермерхэм, бэджэндырылажьэхэм псоми зэхэту 2016 гъэм и япэ мазибгъум быымылрэ джэдкъазылу къыщIагъэкIар тонн мин 70-м нызэроихьэс. Ар нэгъабэ яхуэзэфIэкIам нэхъ ро проценти 3-м нэскIэ нэхъыбэщ. ГъэшымкIи Iуэхур Iейкъым: шэуэ тонн мин 300-м щIигъу къыщIашащ. Ари илъэс кIуам иорфIэкI.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Прохладнэ щIыналъэ

БлэкIам къегъэзэж

Прохладнэ къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм къыщыхэзыIухащ ди республикэм иджыпстукIэ щынэхъ ин кино гъэлъэгъуапIэ.

УНЭМ и унафэщI Костюк Юлие хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, Урысей фильмхэр щагъэлъэгъуэн пэшхэр къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ къащта хэрал программэм хыхьэри, мыбыхэм гранту сом мелуани 4-рэ мин 999-рэ къратащ, къэрал бюджетым щыщу. Программэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, апхуэдэ субсидиехэр хуауIыпщынущ цIыху мини 100-м нэблагъэ зыщыпсэу дэтхэнэ зы къалэми, къэралым къыдигъакIа фильмхэм цIыхубэр ирагъэплъыным я Iуэхур теухуауэ щытынумэ.

АхъшэмкIэ къащэхуа Iэмэпсымэхэр «Невафильм» АО-м къахуишэри яхуигъэувыжащ. Киноеханикыр, администраторыр, билет пызычыр а Iуэхущ1апIэм езым и деж щригъэджащ.

Прохладнэм мы махуэхэм щIидзауэ игъэлажьэ кино гъэлъэгъуапIэм Екатеринбург и «Премьер-зал» ООО-м зэгурыIуэныгъэ ирищIылIауэ, фильмхэр къыхурегъашэ. ЗэрыщIыхь билетхэм я уасэр сомм 100-м къыщыщIэдзауэ 300-м нос.

«КъызэрыщIэкIамкIэ, купщIэрэ гъэсэныгъэ мыхьэнэрэ яIэу къыддекIуэкIа Урысей фильмхэм хуэзэшыр куэдыкIейт», - жиIащ унафэщIым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

НОБЭ

♦Урыс лексикограф, тхакIуэ, дохутыр, нобэми кьагъэсэбэп псалъалъэ зэхэзылъха **Даль Владимир** къызэралъхурэ илъэс 215-рэ ирокъу.

♦Къэрал, дзэ къулыкъущIэ, Франджым и 18-нэ президенту щыта **Шарль де Голль** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Совет усакIуэ-уэрэдус, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Добронравов Николай** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Уэлджыр Мушэхьид** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зрата **Шыбзыхъуэ Азэмэт** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей щIэныгъэлI, политик, УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщIу щыта **Хасбулатов Руслан** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъБР-ми АР-ми щIыхь зиIэ я артист **Иуан Владимир** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало Арсен** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Владимир** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Адыгэ лъэпкъ фащэр дыныкIэ дизайнер, модельер, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуа **Сэралъп Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2, жэщым градуси 6 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Узэрымыса бысым умыуб.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр кьоныр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъэжьауэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м
№549-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьищтащ 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэм я Iуэхукlэ» 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №32-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 9-1-нэ статьям:

1) Iыхьэ 1-м хэт «езым и сэбэп зыхэлъхэр» псалъэхэм япэ иту хэгъэувэжьын «и къулыкъум ипкъ иткIэ хуабгъэдэхуэ къаленхэр щигъэзащIэкIэ» жиIэу, апхуэдэу дэщIыгъужьин «езым и щхьэкIэ и сэбэп зыхэлъэм пыщIауэ къыкъуэкI зэгурымыIуэныгъэхэр къэмыхъуныкIэ зыхуэфащэ Iуэхуэхэр илъэжьыну» псалъэхэр;

2) Iыхьэ 2-м хэт «езым и сэбэп зыхэлъхэр» псалъэхэм япэ иту хэгъэувэжьын «и къулыкъум ипкъ иткIэ къыбгъэдэхуэ къаленхэр щигъэзащIэкIэ» жиIэу.

2. Статья 9-2-м и пунктхэу 1-мрэ 4-мрэ хэт «Коррупцэм пэщIэтыным и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 13-нэ статьям» псалъэхэр зэхъуэкIын «Федеральнэ законым» жиIэу.

3. 14-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и пункт 9-м хэт «къыщыгъэлъэгъуахэр» псалъэр зэхъуэкIын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыIыгъ цIыхухэм федеральнэ законхэм ябгъэ иткIэ хуагъэув мардэхэр» жиIэу.

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщI дэкIмэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м
№52-РЗ

КЪБР-м и Лъэпкъ музейм и пэщыщым щагъэлъагъуэ Урысейм и Къэрал саугъэтым и лауреат. Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм я ЦІыхубэ сурэтыщІ, скульптор цІэрыІуэ Шемякин Михаил и лэжьыгъэхэр.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Шемякин Михаил къегъэзэж

КЪР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** жиІащ сурэтыщІ цІэрыІуэр республикэм зэрыщыІэну зэманыр гъуазджэр фІыуэ зыльагъуэм гукъинэж зэращыхъунур, и лэжьыгъэхэр ягу зэрыдыхьэнур.

КЪР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **КІыщ Мухьэдин** и псалъэм къыхигъэщащ Шемякиным сурэтыщІ гъуазджэм зэфІэкІ ин зэрыщІэр, республикэм я лІэужьыгъуэм зыщІужьыныжьыкІэ сэбэнымрэ зэрыхъэр. Абы и щапхъэу къигъэльэгъащ ди сурэтыщІ ныбжьыщІкІэр иджыблагъэ Франджым зэрыщІигъэджар.

- Шемякин Михаил и зэфІэкІхэм дрогушхуэ. Ди республикэм къызэреблэгъэжар, и лэжьыгъэхэр зэрыщигъэльагъуэр ди гуапэщ. Ар къызыхэкІар, зыщыщыщыр зэрыщигъэльгъупщэр, лъэпкъым и пщІэр иІэту дуней псом ар зэрыщыжиІэр сфІэфщ. Абы къикІащи, Шемякиным Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Кавказыр, Урысейр фІыуэ елъагъу! - жиІащ. ЦІыхум и хуитыныгъэр хъумэныжкІэ уполномоченнэу КЪР-м щыІэ **Зумакулов Борис**.

Шемякиным и фондым и унафэщІ **Сазоновэ Ольгэ** къыхигъэщащ «Карнавал в Санкт-Петербурге», «Трансформация Пикассо» сериехэм ящыщ лэжьыгъэхэр мы выставкэм япэу зэрыхагъэхьар. КъищынэмыщІауэ, утыку кърахьащ Михаил театрым папщІэ игъэхъэзыра эскизхэмрэ сурэтхэмрэ, натюрморт хэр, «Щелкунчик», «Коппелия», «Метафизика», «Кроткая», «Весна священная» балетхэм папщІэ ищІа лэжьыгъэхэр.

Фиигу къэдгъэкІыжынци, «Воображаемый музей» Іэхэум хыхьэу мы гъэм и жэпэгъуэм Шемякиным республикэм щригъэкІуэкІат сурэтыщІ ныбжьыщІхэм я зэпеуэ. Абы щытекІуа Абей Іэсиат, Дзасэжь Фася, Хъалилхэ Булэтрэ Миланэрэ, КІэрэф Альбинэ, Мэзло Руслан сымэ Іэмал яІащ Франджым кІуэуэ Шемякиным и деж гъуазджэм, дуней псом щыпсэу пІольмхъэм я щэнхабзэм щыхъеджэну, и мастер-классхэм хэтыну. А сурэтыщІхэми я Іэдакъэщ Іэкі Іэм щыщи мы гъэлъэгъэныгъэм хагъэхьащ.

Мы выставкэм щагъэлъагъуэ Шемякиным сурэт щыным дихьэхъэм папщІэ мы гъэмахуэм япэу иригъэкІуэкІа «Дети в искусстве» зэпеуэм къагъэхьа лэжьыгъэхэм щыщи. Зэхьэзэхуэм хэта сабий 38-м я лэжьыгъэ 68-м щыщу бгъур сурэтыщІым нэщІысауэ къиІытащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр си Хэку къызолъытэ. ЩІыпІэ тельыджэм си гуапэу сыщохьэщІэ, сурэтыщІ ныбжьыщІэхэм сфІэфІу садолажьэ. Щэнхабзэм, гъуазджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хэтщІыну ди къалэнщ. Хамэ къэралхэм Кавказым щыпсэухэр я нэгу къызэрыщІыхьэр щІэпхъаджащІэущ, ар ятеІуекІащи. Мыр щэнхабз гъуэзэджэм, цІыху зэчиифІэхэм я лъахэу зэрыщытыр къащІыхуну сыхуейщ. Къбр-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий фІыщІэ хузощІ мы Іуэхур къыдэхъулІэным теухуа махуипщІ лэжьыгъэ щэкІуэгъуэм и 21-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 1-м нэсыху щрагъэкІуэкІыну.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 21-м иІуэ 80 ирокъу къэзакъІакъуэм и бын, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щІыхь зиІэ я агроном, «Красная нива» колхозым и тхьэмадэу, республикэм и министру лэжьа, СССР-мрэ УФ-мрэ я гъэсакІ дамыгъэ лъапІэхэр къызыхуагъэфэща Клевцов Михаил.

СТУДЕНТУ щыщыта илъэсхэм абы зыкъигъэльэгъуат и мэсхьэбым къимытІасэ къэхъуакъащІэхэм, цІыхухэм, Іуэху епльыкІэхэм бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ яхузиІэ политикыр, гупсысэ узыншэхэм я пхыгъэкІакІуэу, жэрдэмышцІэхэм я къэщхьащыжакІуэу. А псом гуГуекъуэм хигъэтырт, «жагъуэгъухэр» игъуэтырт, итІани и гъуэгум текІакъым. И адэ-анэр я къуэм иригушхуэрт, и ехьулІэныгъэхэм щыгуфІыкІырт, езыми абыхэм пщІэшхуэ яхуиІыцІырт, зэрахуэфащэр Іуэхукіэ игъэнаІуэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь, Клевцов Михаил Май районым и хозяйствохэм, Къэбэрдей шы завод №94-м, «Май» пхъэщхьэмыщхьэ-хадзэхэкІ совхозым агроному, агроном нэхъыщхьэу щыІэжьащ. 1974 гъэм и 3-м къыщыщІэдзауэ 1986 гъэм щэкІуэгъуэм и 15 пщІондэ «Красная нива» колхозым и тхьэмадэу щытащ. А зэманым абы и зэфІэкІым зыкъызэкъуихащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Совет Союз псом щыпашэ хозяйствэм и цІэмрэ и пщІэмрэ ихъумащ, я хабзэфІхэм пишуэ, экономикэр кІыІэтащ, и ехьулІэныгъэхэм хигъэхъащ. Псалъэм папщІэ, гектарым хъэцэпэцэу центнер 70-м нэс, нартыхуу - центнери 100-м щигъу къытрахырт. Ар Совет Союзым щырекордт. 1974 - 1986 гъэхэм екІуэкІа Союзпсо социалист зэхьэзэхуэм «Красная нива» колхозыр щэнэрэ щытекІуащ икІи диплом, щІыхь тхьилъ, апхуэдэу КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я Бэракъ плъыжь зэІэпахыр къыхуагъэфащащ, ВДНХ-м и Союзпсо ЩІыхь пхъэбгъум иралъхьащ. Хозяйствэм и унафэщІ Клевцов Михаил Лжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр кратащ.

Къыщалъхуа Котляревскэ станицэм и социальнэ инфраструктурэр егъэфІэкІуэным, цІыхухэм лжьыгъэ къахудэхыным, я псэукІэр къэІэтыным гулъытэшхуэ хуищІырт. Къапщтэтым и тхьэмадэу лэжьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм хэтащ. А къулыкъуэхэр щрихьэкІыным къиргъэльэгъуа зэфІэкІым, Іэзагъэм, и тКІиГъыМрэ и ІІыгъэмрэ республикэм и цІыхухэм, Урысей къэралыгъуэм сэбэныпагъ куэд къахуихьащ.

Клевцов Михаил ерыщ щеКІуи, къыщодауи щыІэщ, ауэ хуабжьу гуапэщ, щабэщ, и ныбжьэгъуэхэмрэ и лэжьэгъуэхэмрэ яхуэгумащІэщ. Іуэхум хуиІэ щытыкІэр, бгъэдэлъ щІэныгъэ куур, нэхъыщхьэращи, и мурадым ерыщу зэрыхущІэкъур ГъащІэм къурита лъапІэныгъэщ.

Хуэмыфащуэ и жагъуэ щащІаи щыІэт. Абыхэм къэмыгъэшу, гъэунэхуныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыззэринэкІащ, и ныбжьэгъуэхэм ящыщ куэд Іэщ-ІэкІами, гугъуехьхэм нэхъри япсихьащ. Правительствэм щыхагъэхьам щыгъуэ зыгъэгъахьэ щыІэ ныбжьэгъу зыкъыхуащІыжыну хэтами, зыбгъэдигъэхьэжакъым.

Клевцов Михаил зэфІэкІ зиІэ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэщ, щІэныгъэлІ цІэрыІуэщ. Ар Котляревскэ станицэмрэ Май щІыналъэмрэ щІыхь зиІэ я цІыхущ. Республикэми абы и щІыбкІи пщІэ щиІэщ икІи щафІэлъапІэщ. «Лжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь» орденыр, медаль куэд къыхуагъэфэщащ, КЪР-м и Президентым (1996), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм (2002), УФ-м ЩІымкІэ и къэрал комитетым (1996), КЪР-м ЩІымкІэ и къэрал комитетым и коллегием (2002), УФ-м и Президентым и Администрацэм (2005). Мэзкуурэ Урысей псомрэ я Патриархэм Алексий ЕтІуанэм я ЩІыхь тхьилъхэр, КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м я ЩІыхь дамыгъэхэр, «Социалист зэхьэзэхуэм щытекІуа» бгъэхэІыр, СССР-м и ВДНХ-м и жэз, и дыжьын, и дыщэ медалхэр кратащ.

Дэ дрогушхуэ апхуэдэ цІыху гъуэзэджэ, хэкупсэ нэс, Урысейм и къуэ пэж къызэрытхэтым. И юбилейм ирихьэлІэу абы дохъуэхъу узыншагъэ быдэ, гъащІэ кІыхь иІэну, и унафэуэ дахэм насыпыфІэу щыпсэуну.

ЗУМАКУЛОВ Борис,
КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарь, и япэ секретарь (1980-1991), профессор,
БУРДА Эдуард,
тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат.

● ДифІ догъэлъапІэ

Хэкум и къуэ пэж

ТэмэрЕ, еджакІуэ 320-м хуэщІа школ, щІахъуэ гъэжьапІэ, музей, псэупІэхэр иригъэухуащ, псы къыщІэныпІиГІ зэрагъэпощІжащ, унэ 900-м щІигъум газыр яхущІригъэшащ, уэрамрэ дэкІыпІэу километр пщыкІуэм асфальт трыригъэльэхьащ, ныбжьыщІэхэм я гъэмахуэ лагерь къызэІуригъэхащ, «Светлячок» сабий гъэсапІэр ноби мэлажьэ. «Демократизацэр» къыщыхальхьа илъэсхэм, къэкІуэ я унафэр иІыгъащ, зэпІэзэрыпныгъэм и Іуэхум хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ.

90 гъэхэм Клевцов Михаил КЪР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ, 1993-2002 гъэхэм ЩІымкІэ къэрал комитетым и тхьэмадэу лэжьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм хэтащ. А къулыкъуэхэр щрихьэкІым къиргъэльэгъуа зэфІэкІым, Іэзагъэм, и тКІиГъыМрэ и ІІыгъэмрэ республикэм и цІыхухэм, Урысей къэралыгъуэм сэбэныпагъ куэд къахуихьащ.

Клевцов Михаил ерыщ щеКІуи, къыщодауи щыІэщ, ауэ хуабжьу гуапэщ, щабэщ, и ныбжьэгъуэхэмрэ и лэжьэгъуэхэмрэ яхуэгумащІэщ. Іуэхум хуиІэ щытыкІэр, бгъэдэлъ щІэныгъэ куур, нэхъыщхьэращи, и мурадым ерыщу зэрыхущІэкъур ГъащІэм къурита лъапІэныгъэщ.

Хуэмыфащуэ и жагъуэ щащІаи щыІэт. Абыхэм къэмыгъэшу, гъэунэхуныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэринэкІащ, и ныбжьэгъуэхэм ящыщ куэд Іэщ-ІэкІами, гугъуехьхэм нэхъри япсихьащ. Правительствэм щыхагъэхьам щыгъуэ зыгъэгъахьэ щыІэ ныбжьэгъу зыкъыхуащІыжыну хэтами, зыбгъэдигъэхьэжакъым.

Клевцов Михаил зэфІэкІ зиІэ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэщ, щІэныгъэлІ цІэрыІуэщ. Ар Котляревскэ станицэмрэ Май щІыналъэмрэ щІыхь зиІэ я цІыхущ. Республикэми абы и щІыбкІи пщІэ щиІэщ икІи щафІэлъапІэщ. «Лжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь» орденыр, медаль куэд къыхуагъэфэщащ, КЪР-м и Президентым (1996), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм (2002), УФ-м ЩІымкІэ и къэрал комитетым (1996), КЪР-м ЩІымкІэ и къэрал комитетым и коллегием (2002), УФ-м и Президентым и Администрацэм (2005). Мэзкуурэ Урысей псомрэ я Патриархэм Алексий ЕтІуанэм я ЩІыхь тхьилъхэр, КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м я ЩІыхь дамыгъэхэр, «Социалист зэхьэзэхуэм щытекІуа» бгъэхэІыр, СССР-м и ВДНХ-м и жэз, и дыжьын, и дыщэ медалхэр кратащ.

Дэ дрогушхуэ апхуэдэ цІыху гъуэзэджэ, хэкупсэ нэс, Урысейм и къуэ пэж къызэрытхэтым. И юбилейм ирихьэлІэу абы дохъуэхъу узыншагъэ быдэ, гъащІэ кІыхь иІэну, и унафэуэ дахэм насыпыфІэу щыпсэуну.

ЗУМАКУЛОВ Борис,
КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарь, и япэ секретарь (1980-1991), профессор,
БУРДА Эдуард,
тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат.

● Къабзагъэ

Хьэблэр ягъэдахэ

Налшык и «Искож» хьэблэм къабзагъэм тКІийуэ щыкІэлъэпльэ.

МЫ МАХУЭХЭМ егугъуу ягъэкъабзэ Ашуровым, Кадыровым, Неделиным я цІэхэр зезыхьэ, Ингуш уэрамхэм.

КІуэ пэтми зи теплъэр ефІакІуэ хьэблэм, цІыхухэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр тыншу щагъакІуэ парк, бззэр, льэс зекІуаніэ бгъуфІэхэр иІэщ. Мы махуэхэм а щІыпІэхэр зыхуей хуагъэзащ: паркым ит жыгхэм хэгъуКІахэр ирахащ, яухъуэнщІащ, зэщІапхъэнкІащ. Псом хуэмыдэу лэжьыгъэфІ къыщрахьэлІащ цІыху куэд щызэблэкІ тыкуэн бжэлупэхэм, къулыкъущІапІэхэм, еджапІэхэм, сабий садхэм я Іэгъуэблагъэхэм.

Уэсыр къытримылъхьэ щІыкІэ

Нартан жылагъуэр зэщІэгъэкъэбзэным теухуа лэжьыгъэм пащэ.

КЪУАЖЭДЭСХЭМ ягъэкъабзэ уэрамыбгъуэхэр, уней лъапсэхэм я Іэгъуэблагъэхэр, къуажэ гупэр. Къуажэ администрацэм и нэІэ тетщ псы Іуфэхэмрэ «Кавказ» федеральнэ гъэлгу напщІэхэмрэ. Мы щІыпІэхэм кІэрыхубжьэрыуэхэр щызэщІакъуащ. Бжьыхьэ лэжьыгъэхэм щыщщ уэрамхэм тет жыгхэр ухъуэнщІыныр, пщІащэ къыпыхуахэр дэшыныр. Нартаным куэд щІауэ къабзагъэм кІэлъпыпль мехбригадэ иІэщи, ахэри зы махуэ бэлэрыгъыркъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЦІыхухэм яІущІэнымкІэ махуипщІ лэжьыгъэр «Урысей зэкъуэтыр» къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 15 зэрырикъум хуагъэпс

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 15 зэрырикъум къыхэкІыу унафэ къащтащ партым и Іэтащхьэ Медведев Д. А. и жылагъуэ Іуэхущ Іапі эу щІыналъэхэм щыІэхэм, апхуэдэу партым и жылагъуэ екІуэлІапІэу муниципалитетхэм щыІэхэм щаІущІэным теуху махуипщІ лэжьыгъэ щэкІуэгъуэм и 21-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 1-м нэсыху щрагъэкІуэкІыну.

Махуипщі лэжьыгъэм хэтынущ «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм щыІэм щыщхэр, КЪР-м и Парламентым и депутатхэр. А зэманым мы лэжьыгъэм къыхаІэнущ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ органхэм я унафэщІхэу, федеральнэ органхэм я щІыналъэ Іуэхущ Іапі эхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэу партым хэтхэр.

1. Жылагъуэ щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм цІыхухэм зэращыхуэзэнур:

№№	ЦІыхухэм яхуэзэнумрэ абы и къулыкъумрэ	Махуэр	Зэманыр	ЩекІуэкІыну щІыпІэр
1.	Маккаев М. Хь. - Налшык кьалэм и жылагъуэ екІуэлІапІэм и унафэщІыр	21.11.2016	Сыхьэти 10 - 13-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
2.	Мэремыкъуэ С. Хь. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	21.12.2016	Сыхьэт 14 - 17-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
3.	Парафилов Д. В. - партым и щІыналъэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІыр	22.11.2016	Сыхьэти 10 -13-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
4.	Токъмакъ А. Н. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	22.11.2016	Сыхьэт 14 - 17-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
5.	Къудалы М. Хь. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	23.11. 2016	Сыхьэт 14 - 17-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
6.	Марьяш И. Е. - УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатыр	24.11. 2016	Сыхьэти 10 - 13-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
7.	Щхьэгъуэш А. Л. - УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр	24.11. 2016	Сыхьэт 14-м щегъэжьауэ	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
8.	Мэшышкуэ Б. М. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	28.11. 2016	Сыхьэти 10 - 13-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
9.	Бердюжэ В. И. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	29.11. 2016	Сыхьэти 10 - 13-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
10.	Егоровэ Т. Б. - КЪР-м и Парламентым и УнафэщІыр	29.11. 2016	Сыхьэт 14 - 17-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
11.	Афэщ Іагъуэ М. Хь. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр, «Урысей зэкъуэт» фракцэм и унафэщІыр	30.11.2016	Сыхьэти 10 - 17-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
12.	Іэпщэ З. Б. - КЪР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІыр	30.11. 2016	Сыхьэт 14 - 17-хэм	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
13.	Бозий Н. М. - Партым и щІыналъэ къудамэм и секретарь, КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
14.	Жанатаев С. А. - КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48
15.	Алэкъэй А. М. - партым и жылагъуэ щІыналъэ екІуэлІапІэм и унафэщІыр, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	Налшык къ., Лениным и уэрам, №48

2. Республикэм и щІыналъэхэм щыІэ жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэм цІыхухэм зэращыхуэзэнур:

№№	ЦІыхухэм яхуэзэнумрэ абы и къулыкъумрэ	Махуэр	Зэманыр	ЦІыхухэм щахуэзэну щІыпІэр
1.	Марьяш И. Е. - УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр	22.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Шэджэм район, Шэджэм къ., Бахьсэн шоссе, №3
2.	Марьяш И. Е. - УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр	23.11. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Прохладнэ къ., Гагариным и уэрам, №47
3.	Вындыжь Ч. Хь. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Дзэлыкъуэ район, Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэ, Къалмыкъым и уэрам, №15
4.	Мэлбахьуэ Б. Хь. - КЪР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІым и къуэдзэр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Бахьсэн район, Бахьсэн къ., Революционнэ уэрам, щІыналъэ администрацэм и унэ
5.	Азычэ А. Г. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Бахьсэн къ., Къалмыкъым и уэрам, №123
6.	Маккаев М. Хь.- КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Іуащхьэмахуэ район, Тырныауз къ., Эльбрусскэ уэрам, №89а
7.	Бэрэчъун А. М. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Аруан район, Нарткъалэ, Ахьмэтым и уэрам, №20
8.	Кансаевэ Е. И. - КЪР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІыр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Шэджэм район, Шэджэм къ., Бахьсэн шоссе, №3
9.	Хъутат Хь. Хь. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Прохладнэ къ., Головком и уэрам, №345
10.	Кривко М. Н. - КЪР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІыр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Прохладнэ къ., Гагариным и уэрам, №47
11.	Савченкэ Н. В. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12.2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Май район, Майскэ къ., Лениным и уэрам, 26
12.	ЛІэужь А. Б. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Тэрч район, Тэрч къ., Лениным и уэрам №11, япэ къат
13	Щэныбэ Хь. Р. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Лэскэн район, Анзорей къуажэ, Щынахьуэм и уэрам, №1а, етІуанэ къат
14.	Мокаев К. А. - КЪР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІыр Дахьшокъуэ А. Н. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12. 2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Шэрджэс район, Къащхьэтау поселкэ, Мечиевым и уэрам, №108

Гу зылъытапхъэ: ***Республикэм и щІыналъэхэм щыІэ жылагъуэ екІуэлІапІэхэм щрагъэкІуэкІ зэІущІэхэм хэтыну ирагъэблагъэ партым и къудамэхэу а щІыпІэхэм щыІэхэм, партым а и къудамэхэм я гъэзэщІакІуэ комитетхэм, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ советхэм, щІыналъэ администрацэхэм я департаментхэмрэ къудамэхэмрэ я унафэщІхэр.***

3. Нэгъуэщі щІыпІэхэм цІыхухэм зэращыхуэзэнур:

№№	ЦІыхухэм яхуэзэнухэмрэ абыхэм я къулыкъухэмрэ	Махуэр	Зэманыр	ЦІыхухэм щахуэзэну щІыпІэр
1.	Мэремыкъуэ С. Хь. - КЪР-м и Парламентым и и комитетым и унафэщІым и къуэдзэр	01.12.2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Бахьсэн район, Бахьсэнёнкэ къуажэ, къуажэ администрацэм и унэ, Бэрэджэм и уэрам, №170
2.	Прытков М. А. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12.2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Прохладнэ районым, Пролетарскэ къуажэ, къуажэ администрацэм и унэ, Лениным и уэрам, №176
3.	Махуэлі А. Хь. - КЪР-м и Парламентым и депутатыр	01.12.2016	Сыхьэти 10-м щегъэжьауэ	КъБР, Дзэлыкъуэ районым, Хьэбзэ къуажэ, къуажэ администрацэм и унэ, Лениным и уэрам, №72

Гу зылъытапхъэ: ***цІыхухэм щыхуэзэ зэІущІэхэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыщрагъэкІуэкІкІэ хэтыну къарагъэблагъэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ советхэм я депутатхэр, щІыналъэ администрацэхэм я департаментхэмрэ къудамэхэмрэ я лІыкІуэхэр.***

Нэгузыужьт икІи гъэщІэгъуэнт

«Нартхэ я дыгъэ» япэ адыгэ мюзиклым щэкІуэгъуэм и 23-м сыхьэт 19-м Музыкэ къэрал театрым къыщагъэлъэгъуэжьнущ. Абы и пэ къыхуэу, щэкІуэгъуэм и 10-м, насыпырыхь джэгур щекІуэкІащ Къэбэрдей уэрамым тет «Победа» кинотеатрым и гупэм деж.

ІУЭХУР къызэрагъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэмрэ «Амикс» театрымрэ. Иужьрейм и унафэщІ, мюзиклым и режиссёр, макъамэр хуэзытха **Къул Амир** лІыхъужьхэр чэзууэ яригъэщІыхуащ джэгум къырихьэлІахэм. Гупыж зыщІахэм абыхэм я гъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ.

Зэхьыхьэр езыгъэкІуэкІар КъБКъУ-м адыгэбзэмкІэ и егъэджакІуэ, ЦІыпІынэ Аслъэн и цІэр зэрихьэу а ерджапІэм щыІэ Адыгэ щэнхабзэмкІэ центрым и унафэщІ **Езауэ Мадинэщ.** Абы насыпырыхь джэгум зыкърезыгъэхьэлІахэм нарт Іуэрыіуатэм и лІыхъужьхэм ятеуухуа упщІэхэр яритащ. Жэуап пэж къэзытахэм яхуэупсащ мюзиклым и билеткІэ.

КъБКъУ-м и «Амикс» театрым и артистхэм уэрэдхэр жаІащ, мюзиклым щыщ теплъэгъуэхэр ягъэльэгъуащ. Лэжьыгъэм еплъыну иджыри зрагъэзыхьэлІэнущ.

Къызэхуэсахэм папщІэ адыгэ хабзэм тет джэгу дахэ къызэрагъэпщащи, абы къыхэжаныкІахэми мюзиклым и билетхэмкІэ яхуэупсащ.

АРЦЫДАН Данизэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Си еджапIэ - си къежьапIэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ

Кнышев Анатолий

Арцебарский Анатолий

Понарин Александр

● Хэкупсэ гъэсэныгъэ

ЛIыхъужьхэр ягъэлъапIэ

«УФ-м и цIыхухэр хэкупсэу гъэсэным теухуауэ» федеральнэ программэм ипкъ итIэ, УФ-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхугъэмкlэ и федеральнэ агентствэмрэ «Урысей хэкупсэ центр» Iуэхущlапlэмрэ къыхалъхьауэ ирагъэкlуэкl Совет Союзым, Урысей Федерацэм, Лэжьыгъэм я ЛIыхъужьхэмрэ зи щIалэгъуэхэмрэ я зэхуэзэ. «ЛIыхъужьхэм дагъуощlэ» фlэщыгъэр зиlэ а проектыр Къэбэрдей-Балъкъэрми щаублащ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и школакlуэхэм апхуэдэу иджыблагъэ къаухуэкlуащ хьэщlэ лъапIэхэр: Совет Союзым и ЛIыхъужь, космонавт **Арцебарский Анатолий**, Урысейм и ЛIыхъужь, кхъухьлъатэзэхуэгъэунэхуакlуэ **Кнышев Анатолий**, «Урысей хэкупсэ центр» Iуэхущlапlэм и Iэщlагъэлъ **Понарин Александр** сымэ. Ди щIыналъэм къыщыкlуа апэ махуэм ахэр щыIащ «Дыгъафlэ къалэм». Я пIащlкlэ хьэщlэхэр щыгъуазэ хуащlащ щIэблэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ екlурэ егъэгъуэтыным хуэгъэпсауэ сабий академием Iэмал гъуэзэджэхэр зэрыщlыпм, ахэр ирагъэплъащ абы и пэшхэм, шхапIэхэм, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм. ИужькIэ псори ирагъэблэгъащ зэIущIэр щекlуэкlыну актовэ пэш иным.

Академием щеджэ ныбжьыщIэхэм нэмыщI, лIыхъужьхэм яхуэзэну, епсэлъэну абы къекlуэлIат «Iуэхугъуэ куэд щыIэжфIах щIалэгъуалэ центрым» и волонтёрхэрэм, «Школакlуэхэм я урысейпсо зэщIэхьееныгъэ» зэгухьэныгъэм Налшык щиIэ къудамэм хэтхэри, республикэм щылажьэ дзэ-хэкупсэ зэгухьэныгъэхэм я гъэсэнхэри, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт щIэныгъэрэ Iэщlагъэрэ щрагъэгъуэтхэм я студентхэри. Хьэщlэ ЛIыхъужьхэр щахуэзащ «Школакlуэхэм я урысейпсо зэщIэхьееныгъэ» зэгухьэныгъэм Бахъсэн къалэм, Шэджэм, Бахъсэн районхэм щиIэ къудамэхэм я лIыкlуэхэм. Шэджэм районым и администрацэм Арцебарскэмрэ Кнышевымрэ папщIэ игъэхьэзырат нэгузыужь программэ хэха. Апхуэдэт, псалъэм папщIэ, школакlуэхэм ягъэхьэзыра фlэщ-мобыр, кхъухьлъатэзехуэ ныбжьыщIэхэм я гупжьейм и гъэсэнхэм я Iэдакъэщlэкlхэм я гъэлъагъуэныгъэр. Школым и еджакlуэ зэчиифIэ щIыкlухэм асихьэтым ящIащ авиацэмрэ хьэрщынмрэ ятеуха сурэтхэр икlи абыхэм ящыщу нэхъ дахэхэр хьэщIэхэм иратащ. Хьэщlэхэри бысымэхэри зэдыхэтащ абыхэм папщIэ яубла адыгэ джэгум.

Хьэлэмэту, купщlафIэу, гуапэу екlуэкlащ а зэхуэзэхэр. Абы хэта дэтхэнэми ильэгъуамрэ зэхихамрэ куэдрэ игу зэриlынымэ щэч хэлъкъым. Апхуэдэ зэIущIэхэр къыщыззрагъэпэщыну я мурадщ республикэм и нэгъуэщI щIыпIэхэми. ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэныгъэм хуэдизщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

АСЛЪЭН Майе:

Псэкlэ къыхэпха Iэщlагъэм утезашэркъым

● Ди псэлъэгъуахэр

Гъэ еджэгъуэщlэр къызыхуэтыншэу зыублэжауэ къыпэщылъ къалэнхэм ныкъусаныгъэншэу ехъулIэхэм ящыщщ Кэнжэ жылэм дэт курыт школ №20-р. Дауи, ар зыкъомкlэ я фыгъэщ еджапIэм и пашэу гъэмахуэ блэкlам ягъэува, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Аслъэн Майерэ абы и нэIэм щIэту лажьэ Iэщlагъэлъэмрэ. А къэралыгъэм зэрыгъэувэрэ куэд дэмыкlами, Майе хуэзфIэкlащ егъэджакlуэхэми, еджакlуэ цIыкlухэми, абыхэм я адэ-анэхэми я деж пщIэрэ нэмысрэ къыщилэжьын.

КъБКъУ-р къиуха нэужь, Аслъэным урысибзэмрэ литературэмрэ ехъулIэныгъэ иIэу щригъэджащ Къармэхьблэ дэт курыт школ №3-м, абы и унафэщIуи илъэс куэдкlэ лэжьащ. Iэнатlэм и цIэр фIыкlэ игъэIуу, республикэпсо зэпеуэхэм нэхъыфIу къыщалъытэу. А илъэсхэм абы игъэхьэзыращ икlи ехъулIэныгъэкlэ пхигъэкlащ и кандидат диссертацэри. Лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкl лъагэхэм папщIэ Аслъэн Майе къыхуагъэфэщащ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм къабгъэдэкl щIыкlь, фIыщIэ тхыльхэр. «Си гур сабийхэм язот» урысейпсо зэпеуэм и лауреат хъури, Майе ятеущ «ЩIыхьым и кубокымрэ» дыщэ медалрэ.

Унафэщl щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакlуэ Iэкlуэльакlуэм, егъэджакlуэ Iэзэм иджыблагъэ упщIэ зыбжанэкlэ зыхуэдгъэзащ.

- Майе, уэ уащыщщ зи Iэщlагъэмкlэ щIэныгъэ куу, зэфIэкl лъагэ зыбгъэдэлъ лэжьакlуэхэм. Куэд щыгъуазэщ укъыщалъхуа жылэм дэт еджапIэм ехъулIэныгъэфIхэр уиIэу уэзрыщылэжьами. Уи гумрэ уи псэмрэ къыдыхьэу узыпэрыт а егъэджакlуэ Iэщlагъэр дауэ къыхэпхат?

- Егъэджакlуэ Iэщlагъэр адрей псоми яхуэмыдэу къысщохъу, сыту жыпIэмэ цIыхупсэм дэлажьэр, абы бгъэдэлъ дахагъ, къулеягъ псори наIуэ къэзыщIыфыр, ар зыунэтIыр, адэ-анэм нэмыщI, егъэджакlуэращ. Хуэдиз псори ирилжьэфырыкъым а Iэщlагъэм - ар зэмэму езыхьэкlыфыр абы къыхуалъхуахращ. Сэ сыкъапщтэмэ, зи Iэщlагъэр псэкlэ къыхэзыхахэм сащыщу зыкъызолъытэж. Сыкъызыхэкlар дохутыр унагъэри, нэхъ ипэуэкlэ сэри си хъуэпсапIэхэр медицинэм ехпхуэ щытт.

А хъуэпсапIэр нахуанIэ хъуу къыщIэкlынт, урысыбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэу диIа Румянцевэ Любовь мыхъуатэмэ. Ар Краснодар крайм къикIри ди къуажэ школым къаГъэкlат егъэджакlуэу. Нобэ хуэдизу си нэгум щIэтщ абы и дерсхэр. Литературэмкlэ дигъэдж темэр зытещIыхьэ уэсакlуэм е тхакlуэм «дыдыщIигъури» абы и гупсысэхэр, гурылъ-гурыщIэхэр псэкlэ зыхьыдигъащIэфырт Румянцевэм. Пушкиным и гъусэу Москва, Михайловскэм «къыщыткlухьыт», Толстоймрэ «иужь диту» Ясная Поляна щыпIэм «дыкъыщыхутэрт». Зэныбжьэгъуэхэр дерс нэужым библиотекэм дызэрыхьырти, ди егъэджакlуэм дигъэщIыхуагъащIэ усакlуэм (тхакlуэм) и къалэмыпэм къыпыкlа тхыгъэхэр щIэдджкlырт, дызэпеуэу. Зи Iэщlагъэм хуэIэижь егъэджакlуэ гъуэзэджэм хуэзфIэкlащ и гъэсэнхэм ящыщ куэд, урысыбзэмрэ литературэмрэ дригъэхьэхын. Сэри сахэхуащ апхуэдэхэм икlи зэи сыхущIегъуэжакъым абы. А гуращэр зэрызэзгъэхъулIэфар си насыпI Iыхьэу къызолытэ.

Курыт школыр фIы дыдэу къэзухри, егъэджакlуэ Iэщlагъэм сыщыхуеджащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым. Абы Iландэрэ школым, сабийхэм сапыщIащ. Школ гъащIэм сыпэIэщIэу, си гъэсэнхэм сахэмыту си нэгу къыдэхуащIэгъэхьэхэркъым. СызэригуГъэмкlэ, Iэщlагъэр псэкlэ къыхэпхамэ, абы зэи утезашэркъым икlи уи къарур щIихьркъым.

- Ди Кэнжэ къуажэм дэт курыт школ №20-м и унафэщI къалэным уэзрыпэрыхьэрэ куэд дэмыкlами, зэрыжаIэмкlэ, уэ къыпхуэзэрэзыщ къыбдэлажьэхэри жылэдэхэри. Дауэ къыпIуащIа ди щIыпIэм и цIыхухэр, сабийхэр?

- ЖыпIэнурамэ, лъэныкъуитIри дыззэхэзэнабдзэгубдзапIэу лэжьыгъэр сублащ. Зэман кlэщIым кърибудэу гупымрэ сэрэ дыззэсащ, еджакlуэ цIыкlуэмэ я гум сызэрыдыхьэным селIэлIащ. Гу зэIуэхлklэ щыхьэщ жылэм и унафэщIхэри нэхъыжьыфIхэри. Школыр гъэ еджэгъуэщIэм щыхуэдгъэхьэзырыжьым зэуIуу дызэдэлажьащ псори. Хуабжьу сэбэп къытхуэхъуащ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Пащынхъэ Олег, «Тхьапэ» ООО-м и унафэщI Шавалевэ Аминат, жылэм дэс хьэрычэтыщIэхэм, адэ-анэхэм ящыщ куэд. Гулъытэ къытхуащIащ кэнжэдэс нэхъыжьыфIхэм. Абыхэм зэрыжаIауэ, нобэ школым и зэIуэзэпэщыныгъэм хэтлъхьэм пщэдей дыщыгуфIыкlыжынущ, сыту жыпIэмэ зыхуей-зыхуэфI псомкlи къызэгъэпэщауэ Iэщlагъэ зэзэгъэгъуэт ныбжьыщIэращ жылэм и къэкlуэнур зэпльытар. «ЩIэблэм щIэныгъэфI игъэтлъэ, къахэкlынщ цIыхум яхуэщхьэпэн Iэщlагъэлlэхэр, лажьакlуэ пашэхэр», - къыхаГъэщащ абыхэм.

Школым щылажьэхэри жылэдэсхэри дызыхуущIэкъур зыщ: лъэпкъ гъэсэныгъэ екlуэрэ щIэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъ цIыху къэгъэхьэныращ. Абы идохьэлIэ ди къэрри, щIэныгъи, зэфIэкlи.

- Уэипашэ еджапIэр зыхуей-зыхуэфI псомкlи ирикъуу къызэгъэпэща, Майе?

- Ди школыр хъарзынэу къызэгъэпэщащ егъэджакlуэхэмкlэ. ЛэжьакlуэхэмкI я ныбжьым утепсэлъыхьмэ, абыхэм я процент 70-р ику иту илъэс 40-45-рэ мэхъу. Гъэ еджэгъуэщIэм ирихьлIэу гупым къытехьауад КъБКъУ-м и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэзыуха Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэу 8. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и щэху псори зыщIэ ди нэхъыжьыфIхэм я нэIэм щIэту ахэр пэзэошхьэпэоунэшу хэша хъунущ Iэщlагъэм.

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ди Iэщlагъэлlэхэм ирагъаджэ ди школым къеанэхэм я дежкlэ Iэмал тынщщ: уи сабийр зэреджэм унэм ущIэсу укIэльоплъыф. Ауэ щыхъукlи, иджыри тхурикъуркъым техникэ Iэмэпсымэхэм ящыщхэр.

Школым щалэ дерсхэм къадэкlуэу, ди ныбжьыщIэхэм ящыщ куэд йокlуалIэ Кэнжэ, Налшык щылажьэ гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэм. Ныбжьыщlэхэм я гупсысэм, къэухьым, зэфIэкlым заужьынымкlэ ахэр хэкlыпIэ хъарзынэщ.

- Ди псалъэмакъым и кlэухыу уи лэжьэгъуэхэм, жылэдэсхэм сыткlэ зауэфбгъэзэнт?

- Псом япэрауэ, ди гъэсэнхэм я адэ-анэхэм, жылэм и унафэщIхэм фIыщIэ ящэсщIыну сыхуейт школым щекlуэкl Iэхуэхэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ. Унагъуэмрэ еджапIэмрэ зэдзууэ дызэдалажьэмэ, щIэблэр гъэсэным, щIэныгъэ егъэгъуэтыным епха къалэнхэр нэхъ тэрэзу зэфIэха хъунущ.

Апхуэдэу сыхуейщ си лэжьэгъуэхэм ящыщ дэтхэнэри Iэнатlэм гукъыдэж иIэу, лэжьыгъэм и псэр хуэзIухауэ къекlуэлIэну. Зи лэжьыгъэмкlэ дэрэжгъуэ зыгъэутыр, ар хьэлэлу зыгъэззащIэр насыпифIэу къызолытэ сэ. Уеблэмэ наспыфIэр езым и закъуэкым, атlэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ къеГъащIылIа псоми гукъыдэж, дэрэжгъуэ яретыф а цIыхум. ЩIэныгъэм и дуней телъыджэр сабийхэм къахуэзIухынырщ егъэджакlуэ нэсым и лэжьыгъэм къыхуеджэныгъэу иIэн хуейр. Ди лэжьыгъэм худиIэ лъагэныгъэ къабзэр ди гъащIэм Гуэгугъэлъагъуэ хурыерхъу. ИтIанэщ егъэджакlуэ нэскlэ, щIэблэм я унэтlакlуэ Iэзэкlэ къыщыдэжэнур.

Епсэлъар

ТЕМУКУЕВЭ Iэсиятщ.

Анэдэлъхубзэм и къарур зыхозыгъащIэ

● Щапхъэ

Дэтхэнэ егъэджакlуэми и къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ къыщIэхъуэ щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдилъхьэныр. ЖылIэгъуафIэ щхьэкlэ, нэхъ лэжьыгъэ гугъу дыдэхэм ящыщщ ар. Къапщтэмэ, псом япэрауэ, егъэджакlуэр щапхъэ зытрах цIыху гумызагъэу щытын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, абы адыгэбзэмрэ литературэмрэ иригъэджмэ, и къалэнхэр тIукlэ нэхъыбэ мэхъу. Абы и пщэ щыходохуэ адыгэ хабзэри, лъэпкъым и тхыдэри сабийхэм ябгъэдилъхьэн хуейуэ. Ищхьэкlэ зи гугъу тщIы егъэджакlуэ къалэным фIы дыдэу пэлъэщхьэ ящыщщ адыгэбзэмрэ литературэмкlэ сезыгъэджа Хьэжэдэгу Антисэ.

И КЪАРУ щымысхьыжу щIэблэм ядэлажьэхэм ящыщщ Хьэжэдэгур. ЕджапIэм сыщыщIэса зэманэм Антисэ нэхъри нэхъыфIыжу сигъэлъэгъуащ анэдэлъхубзэр, абы зыхьызигъэщIэфащ бзэм и къарур, и Iэфы-пIэ псори. Анэдэлъхубзэм япэ зыри идгъэщIын зэрыхуэмейм, дыкъызыхэкlа лъэпкъыр фIыуэ тлъагъуным, ди нэхъыжьыфIхэм пщIэ яхуэтщIыным, нэгъуэщI куэдми дыхуигъэсащ егъэджакlуэ гумызагъэм. Ар сабийхэм яхуищIту набдзэгубдзапIэуэ, дэтхэнэми зэрепсэлъэн бзэ къыхуегъуэтыф, абы щхьэкlэ ныбжьыщIэхэр Антисэ къечэнджэщу, кьпепсэлъпIэу апхуэдэщ.

Нарткъалэ дэт 6-нэ курыт еджапIэм щIэс сабийхэр абы хуегъаесэ хабзэ, нэмыс яхэлъыным, хэкупсэу, лъэпкъыпсэу щытыным. Абы и урокхэм къыщегъэсэбэп егъэджэныгъэм ехьэлIауэ ФГОС-м кьигъуэв Iэмалхэр: джэгукlэ зэхуэмыдэжэр, теплъэгъуэ щIэщIегъуэхэр, зэпеуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Егъэджэныгъэм щIэуэ къыхьхьэ IэхуэгъуэщIэхэми зыщигъэгъуазэ зэпытщ Антисэ. Абы и лэжьыгъэм жыджэру къыщегъэсэбэп Интернетыр, компьютерым и Iэмалхэр. Ахэр и дерсхэм лъабжьэ яхуищIуре ди хабзэмрэ щхьэмахэмрэ, ди тхакlуэхэмрэ цIыху цIэрыIуэхэмрэ ятеухуауэ дерс зэIуахэр ирегъэкlуэкl.

Хьэжэдэгур ныбжьыщIэхэм яхэтщ гуапэу, тэмакъкlыхьу, яхуэсакъыу, я ныбжьэгъуфIым хуэдэу я дзыхь къэрагъэзу. Абы иригъаджэхэм фIыкlэ зыкъыщагъэпльагъуэ егъэджапIэми, районми, республикэми щекlуэкl зэпеуэхэм, сыт щыгъуи увыпIэфIэхэр къыщахьу. Псалъэм папщIэ, Табыхъу Алинэ къызэригъэпэща «Сабий радиопрограммэ нэхъыфI» зэпеуэм жыджэру хэтащ Антисэ игъэхьэзырахэри. Адыгэбзэкlэ екlуэкlа нэтынхэм екlуу зыкъыщигъэлъэгъуащ Къарэщlыкlу Инал икlи районым япэр, республикэм етIуанэ увыпIэр иджыблагъэ къыщихьащ. Гукъынэж ящыхъуащ «ЩIыхур тхыдэм къыздрыхэщыкыр. XX лIэщIыгъуэ» конкурсым хэтахэми. Зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуахэм ящыщщ Жэмбей Резуан, Семэн Руслан, Чэрты Амырхъан, Къарэщlыкlу Инал сымэ. «Си щIыналъэм и дахагъыр» район зэпеуэм хэта Жэмбей Резуан япэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ; Борий Елдаррэ Къудей Элинэрэ республикэм ещанэ увыпIэр къыщахьащ.

Езы егъэджакlуэми и лэжьыгъэр гулъытэншэ хъуахъым, Антисэ 2010 гъэм къыхуагъэфэщащ УФ-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм щIыхь тхыльыр; 2004, 2009 гъэхэм егъэджакlуэхэм я зэпеуэм ар лауреат щыхъащ; Аруан куейм и администрацэми 2004, 2006 гъэхэм щIыхь тхыльхэр къыхуигъэфэщащ; «Методикэ лэжьыгъэ нэхъыфIхэр» зэпеуэм 2010, 2011 гъэм щытекlуащ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и фIыщIэ тхыльхэр къратащ 2012 гъэм. Абы къищынэмыщIауэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр» жыхуиIэ тхыльым Антисэ и цIэр фIыкlэ къыщыраIуащ.

Илъэс 36-рэ хъуауэ егъэджакlуэ Iэнатlэм бгъэдэт, а Iэщlагъэм хуэпэж Антисэ хуэфащэщ къыхуащI гулъытэхэр. Абы псалъэ гуапэхэр хужаIэ адэ-анэхэми, сабийхэми.

ДУДЕЙ Заремэ.

АСЛЪЭН Майе:

Псэкlэ къыхэпха Iэщlагъэм утезашэркъым

● Ди псэлъэгъуахэр

Гъэ еджэгъуэщIэр къызыхуэтыншэу зыублэжауэ къыпэщылъ къалэнхэм ныкъусаныгъэншэу ехъулIэхэм ящыщщ Кэнжэ жылэм дэт курыт школ №20-р. Дауи, ар зыкъомкlэ я фыгъэщ еджапIэм и пашэу гъэмахуэ блэкlам ягъэува, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Аслъэн Майерэ абы и нэIэм щIэту лажьэ Iэщlагъэлъэмрэ. А къэралыгъэм зэрыгъэувэрэ куэд дэмыкlами, Майе хуэзфIэкlащ егъэджакlуэхэми, еджакlуэ цIыкlухэми, абыхэм я адэ-анэхэми я деж пщIэрэ нэмысрэ къыщилэжьын.

КъБКъУ-р къиуха нэужь, Аслъэным урысибзэмрэ литературэмрэ ехъулIэныгъэ иIэу щригъэджащ Къармэхьблэ дэт курыт школ №3-м, абы и унафэщIуи илъэс куэдкlэ лэжьащ. Iэнатlэм и цIэр фIыкlэ игъэIуу, республикэпсо зэпеуэхэм нэхъыфIу къыщалъытэу. А илъэсхэм абы игъэхьэзыращ икlи ехъулIэныгъэкlэ пхигъэкlащ и кандидат диссертацэри. Лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкl лъагэхэм папщIэ Аслъэн Майе къыхуагъэфэщащ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм къабгъэдэкl щIыкlь, фIыщIэ тхыльхэр. «Си гур сабийхэм язот» урысейпсо зэпеуэм и лауреат хъури, Майе ятеущ «ЩIыхьым и кубокымрэ» дыщэ медалрэ.

Унафэщl щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакlуэ Iэкlуэльакlуэм, егъэджакlуэ Iэзэм иджыблагъэ упщIэ зыбжанэкlэ зыхуэдгъэзащ.

- Майе, уэ уащыщщ зи Iэщlагъэмкlэ щIэныгъэ куу, зэфIэкl лъагэ зыбгъэдэлъ лэжьакlуэхэм. Куэд щыгъуазэщ укъыщалъхуа жылэм дэт еджапIэм ехъулIэныгъэфIхэр уиIэу уэзрыщылэжьами. Уи гумрэ уи псэмрэ къыдыхьэу узыпэрыт а егъэджакlуэ Iэщlагъэр дауэ къыхэпхат?

- Егъэджакlуэ Iэщlагъэр адрей псоми яхуэмыдэу къысщохъу, сыту жыпIэмэ цIыхупсэм дэлажьэр, абы бгъэдэлъ дахагъ, къулеягъ псори наIуэ къэзыщIыфыр, ар зыунэтIыр, адэ-анэм нэмыщI, егъэджакlуэращ. Хуэдиз псори ирилжьэфырыкъым а Iэщlагъэм - ар зэмэму езыхьэкlыфыр абы къыхуалъхуахращ. Сэ сыкъапщтэмэ, зи Iэщlагъэр псэкlэ къыхэзыхахэм сащыщу зыкъызолъытэж. Сыкъызыхэкlар дохутыр унагъэри, нэхъ ипэуэкlэ сэри си хъуэпсапIэхэр медицинэм ехпхуэ щытт.

А хъуэпсапIэр нахуанIэ хъуу къыщIэкlынт, урысыбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэу диIа Румянцевэ Любовь мыхъуатэмэ. Ар Краснодар крайм къикIри ди къуажэ школым къаГъэкlат егъэджакlуэу. Нобэ хуэдизу си нэгум щIэтщ абы и дерсхэр. Литературэмкlэ дигъэдж темэр зытещIыхьэ уэсакlуэм е тхакlуэм «дыдыщIигъури» абы и гупсысэхэр, гурылъ-гурыщIэхэр псэкlэ зыхьыдигъащIэфырт Румянцевэм. Пушкиным и гъусэу Москва, Михайловскэм «къыщыткlухьыт», Толстоймрэ «иужь диту» Ясная Поляна щыпIэм «дыкъыщыхутэрт». Зэныбжьэгъуэхэр дерс нэужым библиотекэм дызэрыхьырти, ди егъэджакlуэм дигъэщIыхуагъащIэ усакlуэм (тхакlуэм) и къалэмыпэм къыпыкlа тхыгъэхэр щIэдджкlырт, дызэпеуэу. Зи Iэщlагъэм хуэIэижь егъэджакlуэ гъуэзэджэм хуэзфIэкlащ и гъэсэнхэм ящыщ куэд, урысыбзэмрэ литературэмрэ дригъэхьэхын. Сэри сахэхуащ апхуэдэхэм икlи зэи сыхущIегъуэжакъым абы. А гуращэр зэрызэзгъэхъулIэфар си насыпI Iыхьэу къызолытэ.

Курыт школыр фIы дыдэу къэзухри, егъэджакlуэ Iэщlагъэм сыщыхуеджащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым. Абы Iландэрэ школым, сабийхэм сапыщIащ. Школ гъащIэм сыпэIэщIэу, си гъэсэнхэм сахэмыту си нэгу къыдэхуащIэгъэхьэхэркъым. СызэригуГъэмкlэ, Iэщlагъэр псэкlэ къыхэпхамэ, абы зэи утезашэркъым икlи уи къарур щIихьркъым.

- Ди Кэнжэ къуажэм дэт курыт школ №20-м и унафэщI къалэным уэзрыпэрыхьэрэ куэд дэмыкlами, зэрыжаIэмкlэ, уэ къыпхуэзэрэзыщ къыбдэлажьэхэри жылэдэхэри. Дауэ къыпIуащIа ди щIыпIэм и цIыхухэр, сабийхэр?

- ЖыпIэнурамэ, лъэныкъуитIри дыззэхэзэнабдзэгубдзапIэу лэжьыгъэр сублащ. Зэман кlэщIым кърибудэу гупымрэ сэрэ дыззэсащ, еджакlуэ цIыкlуэмэ я гум сызэрыдыхьэным селIэлIащ. Гу зэIуэхлklэ щыхьэщ жылэм и унафэщIхэри нэхъыжьыфIхэри. Школыр гъэ еджэгъуэщIэм щыхуэдгъэхьэзырыжьым зэуIуу дызэдэлажьащ псори. Хуабжьу сэбэп къытхуэхъуащ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Пащынхъэ Олег, «Тхьапэ» ООО-м и унафэщI Шавалевэ Аминат, жылэм дэс хьэрычэтыщIэхэм, адэ-анэхэм ящыщ куэд. Гулъытэ къытхуащIащ кэнжэдэс нэхъыжьыфIхэм. Абыхэм зэрыжаIауэ, нобэ школым и зэIуэзэпэщыныгъэм хэтлъхьэм пщэдей дыщыгуфIыкlыжынущ, сыту жыпIэмэ зыхуей-зыхуэфI псомкlи къызэгъэпэщауэ Iэщlагъэ зэзэгъэгъуэт ныбжьыщIэращ жылэм и къэкlуэнур зэпльытар. «ЩIэблэм щIэныгъэфI игъэтлъэ, къахэкlынщ цIыхум яхуэщхьэпэн Iэщlагъэлlэхэр, лажьакlуэ пашэхэр», - къыхаГъэщащ абыхэм.

Школым щылажьэхэри жылэдэсхэри дызыхуущIэкъур зыщ: лъэпкъ гъэсэныгъэ екlуэрэ щIэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъ цIыху къэгъэхьэныращ. Абы идохьэлIэ ди къэрри, щIэныгъи, зэфIэкlи.

- Уэипашэ еджапIэр зыхуей-зыхуэфI псомкlи ирикъуу къызэгъэпэща, Майе?

- Ди школыр хъарзынэу къызэгъэпэщащ егъэджакlуэхэмкlэ. ЛэжьакlуэхэмкI я ныбжьым утепсэлъыхьмэ, абыхэм я процент 70-р ику иту илъэс 40-45-рэ мэхъу. Гъэ еджэгъуэщIэм ирихьлIэу гупым къытехьауад КъБКъУ-м и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэзыуха Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэу 8. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и щэху псори зыщIэ ди нэхъыжьыфIхэм я нэIэм щIэту ахэр пэзэошхьэпэоунэшу хэша хъунущ Iэщlагъэм.

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ди Iэщlагъэлlэхэм ирагъаджэ ди школым къеанэхэм я дежкlэ Iэмал тынщщ: уи сабийр зэреджэм унэм ущIэсу укIэльоплъыф. Ауэ щыхъукlи, иджыри тхурикъуркъым техникэ Iэмэпсымэхэм ящыщхэр.

Школым щалэ дерсхэм къадэкlуэу, ди ныбжьыщIэхэм ящыщ куэд йокlуалIэ Кэнжэ, Налшык щылажьэ гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэм. Ныбжьыщlэхэм я гупсысэм, къэухьым, зэфIэкlым заужьынымкlэ ахэр хэкlыпIэ хъарзынэщ.

- Ди псалъэмакъым и кlэухыу уи лэжьэгъуэхэм, жылэдэсхэм сыткlэ зауэфбгъэзэнт?

- Псом япэрауэ, ди гъэсэнхэм я адэ-анэхэм, жылэм и унафэщIхэм фIыщIэ ящэсщIыну сыхуейт школым щекlуэкl Iэхуэхэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ. Унагъуэмрэ еджапIэмрэ зэдзууэ дызэдалажьэмэ, щIэблэр гъэсэным, щIэныгъэ егъэгъуэтыным епха къалэнхэр нэхъ тэрэзу зэфIэха хъунущ.

Апхуэдэу сыхуейщ си лэжьэгъуэхэм ящыщ дэтхэнэри Iэнатlэм гукъыдэж иIэу, лэжьыгъэм и псэр хуэзIухауэ къекlуэлIэну. Зи лэжьыгъэмкlэ дэрэжгъуэ зыгъэутыр, ар хьэлэлу зыгъэззащIэр насыпифIэу къызолытэ сэ. Уеблэмэ наспыфIэр езым и закъуэкым, атlэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ къеГъащIылIа псоми гукъыдэж, дэрэжгъуэ яретыф а цIыхум. ЩIэныгъэм и дуней телъыджэр сабийхэм къахуэзIухынырщ егъэджакlуэ нэсым и лэжьыгъэм къыхуеджэныгъэу иIэн хуейр. Ди лэжьыгъэм худиIэ лъагэныгъэ къабзэр ди гъащIэм Гуэгугъэлъагъуэ хурыерхъу. ИтIанэщ егъэджакlуэ нэскlэ, щIэблэм я унэтlакlуэ Iэзэкlэ къыщыдэжэнур.

Епсэлъар

ТЕМУКУЕВЭ Iэсиятщ.

Набдзэгубдзаплъагъэ, акъылыфIагъэ, шыIэныгъэ

● Зэпеуэхэр

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкlэ республикэ уардэунэм иджыблагъэ щекlуэкlащ «Акъылыфlэ-2016» щIыналъэпсо зэпеуэм и щыпIэ Іыхьэр. Абы хэтащ Налшык къалэ дэт курыт школхэу №№1-м, 4-м, 9-нэм, 13-м, 23-м, 28-м, 32-м. «ЕхъулIэныгъэ» еджапIэ центрым я 5 - 8-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщIэхэр.

ЗЭПЕУЭР яублэн ипэ къыхуэу абы хэтыну ныбжьыщIэхэр щызэхуашэсащ Iуэхущlапlэм и конференц пэшышхэм икlи зэхьэзэхуэр зэрекlуэкlыну щыкlэмрэ абы и мардэхэмрэ щыгъуазэ хуащIащ. Школакlуэхэм я пэуэ зэхуэгъэщащ уардэунэм и унафэщIым и къуадзэ ПщIыкI Анютэ. Ар ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну ехьэхъуащ зи зэфIэкlхэм епльыжьыну зэхьэзэхуэм къыхьыхьа ныбжьыщIэхэм икlи яжриIащ мы Іыхьэм щытекlуэхэм республикэпсо утыкур къаэзрыпэплъэр. ПщыкIым жиIахэм дыщIигъуу адэкlэ къэпсэльащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкlэ республикэ уардэунэм щIэныгъэхэм къэухуатэныгъэхэмкlэ и къудамэм и унафэщIым и къэзадзэ ПщIыкI Анютэ. Ар ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну ехьэхъуащ зи зэфIэкlхэм епльыжьыну зэхьэзэхуэм къыхьыхьа ныбжьыщIэхэм икlи яжриIащ мы Іыхьэм щытекlуэхэм республикэпсо утыкур къаэзрыпэплъэр. ПщыкIым жиIахэм дыщIигъуу адэкlэ къэпсэльащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкlэ республикэ уардэунэм щIэныгъэхэм къэухуатэныгъэхэмкlэ и къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Куянцевэ Еленэ.

- «АкъылыфIэ-2016» зэпеуэр илъэс куэд лъандэрэ къыщыщызидогъэпэщ ди щIыналъэм. Ар хеубыдэ «ЩIалэгъуэ. ЩIэныгъэ. ЩIэнхабзэ» фIэщыгъэр зиIэ щIэныгъэгъэзджэныгъэ программэу «Сигма» республикэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэм иригъэкlуэкlым, - къыхигъэщащ Куянцевэм. - Іыхьитlу зэщхьэщыха зэпеуэм ехъулIэныгъэ я кьыщыфхьыфIнущ, набдзэгубдзапIэуэ, шыIэныгъэ фхэлъу Іуэхум фыбгъэдыхьэмэ. Ди мурадхэм фалъэIэсыну, кьывзхъулIэну си гуапэщ.

ИужькIэ сабийхэм яхьыхащ щIэныгъэкъэхутэныгъэхэмкlэ къудамэм и методист Уэтэр Оксанэ икlи абыхэм ягъэззащIэну лэжьыгъэхэр наIуэ ящыщащ. Абы и дэIэпыкъуэгъуэ волонтёр ныбжьыщIэхэри. Абыхэм зэпеуэхэм я лэжьыгъэр гулъытэйкlэм щызэрагъэуIащ.

Зэпеуэм и япэ Іыхьэм сабийхэм щ

● Гъэугу къежьапІэ

ТхакІуэ ныбжьыщІэхэр Звенигород щызэІуощІэ

Москва и Іэшэлъашэм хыхьэ Звенигород къалэм Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием щиІэ пансионатым иджыблагъэ щекІуокІащ УФ-м, СНГ-м, хамэ къэралхэм щыщ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэІущІэ.

АР Я ЖЭРДЭМТ тхакІуэ ныбжьыщІэхэр утыку ишэныр кьалэн зыщцызыщІыжка Филатов Сергейрэ абы къызэригъэпэща фондымрэ. Мы Іэхэумкіэ фондым долажьэ «Арион», «Вопросы литературы», «Дружба народов», «Звезда», «Знамя»», «Иностранная литература», «Костёр», «Москва», «Наш современник», «Новый мир» литературэ журналхэр, нэгъэущІхэри.

Урысей Федерацэм хыхьэ хэгъэугу 77-м, хамэ къэрал 12-м кьикІа ныбжьыщІи 182-рэ хэтащ зэІущІэм.

ТхакІуэ ныбжьыщІэхэм папщІэ къызэрагъэпащат УФ-м и лъэпкъыбзэхэмкІэ тха художественнэ тхыгъэхэр урысибзэкІэ зэдзэкІынымкІэ мастер-классхэр. Кавказ Ищхъэрэм икІасхэм ядолажьэр филологие щІэныгъэхэм я доктор, тхакІуэ ХьэкІущІэ Мадинэщ.

Филатов Сергей зэІущІэр кьыщызэІуихым зэрыжиІамкІэ, абы къэкІуэну хуейуэ я тхыгъэ къахуезыгъэхьа тхакІуэ 657-м щыщу къыхахар нэхъыфІхэращ.

- Илъэс пщыкІутху мэхъу мыпхуэдэ зэІущІэхэр зэрыдублэрэ, къыхэзгъэщыну сыхуейт мыбы къагъэхь тхыгъэхэм я фІагъым кІуэ пэтми зэрыхэхъуэр. Псом хуэмыдэу сыщогуфыкІ ныбжьыщІэ 390-м ди зэІущІэм хэтыну хуейуэ мы гъэм япэу зэрызрагъэтхар. Къедгъэблэгъахэм я нэхъыбэр япэу кьакІуэу аращ. Илъ сищу жьсІэнщи, а ныбжьыщІэхэм тхыгъэ купщІафІэхэр, гъэщІэгъуэнхэр кьыздахьащ. Нэхъапэм кьэралым тхакІуэу цІыху мин 15-16 фІэкІ имысамэ, иджыблэ зы тхылъ нэхъ мыхъуми кьыдэзыгъэкІа тхакІуэ мини 160-рэ диІэщ, аущ щыхъукІи, тхылъым я пщІэр нобэми а зэрыльэхьыщ. Іэхъум хэкІыпІэ тынщ иІэщ: кьыдэдгъэкІ тхылъхэм я фІагъым хэдгъахъуэмэ, щІэджыкІакІуэм «игу зэщыуар» кьытхуэзрыгъэгъэутыжынущ, - жиІащ Филатов Сергей.

Адэкіэ Филатовыр кьеджащ Урысей Федерацэм и Президентым и чэнджэщэгъу Толстой Владимир, Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ федеральнэ агентствэм и унафэщІ Сеславинский Михаил, УФ-м и Къэрал Думэм щэнхабзэмкІэ и комитетым и унафэщІ Говорухин Станислав тхакІуэ ныбжьыщІэхэм зэрызыкъыхуагъазэ хъуэхъухэм.

Зэхьхьэм кьрагъэблэгъат Индием щыІэ университетхэм я зым и профессор Сокселие Роджанэ. Абы жиІащ зэІущІэр урыс литературэм и махуэшхуэу зэкІэрильытэр, Индиеми мыпхуэдэ Іуэху щрагъэкІуэкІыныкІэ Филатовым и фондым щапхъэ зэрытрахыр.

- Индием дежкІэ Урысейр литературэм и кьэралыгъуэ инщ. Урыс литературэм и фІыпІэу кьалъытэ тхыгъэ куэд нэхъапэм ди бзэкІэ зэрадзэкІыу щытами, иджырей урыс литературэр зыщІыхур мащІэ дыдэщ. Абыкіэ сэбэп хъуну дыщогугъ Зэдзэкіакіуэм и институтыр. Ди лъэпкъ литературэр нэхъ кьулей ящыну дыщогугъ зэдзэкІакІуэ ныбжьыщІэхэм, ахэр нэхъыбэ зэрыхъум дыщогуфыкІ. ФефІэкІуэну си гуапэщ, - жиІащ абы.

НыбжьыщІэхэм я Іэдакъэщ кІэхэр жанрКІэ ягуэшри, журналхэм я редактор нэхъыщхьэхэм ирагъэкІуэкІа мастер-класс 16-м щылэжьащ.

Кавказ Ищхъэрэм щыщу тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я форумым щыІащ Байрамуков Азрэталий, Джанибеков Ренат (КъШР), Калоев Іэдэм (Ингуш), «Адыгэ псалъэм» и лэжьакІуэ Щомахуэ Залинэ (КъБР) сымэ.

«Литературэмрэ иджырей тхакІуэхэмрэ», «Урысейм и тхакІуэ ныбжьыщІэхэмрэ абыхэм кьаІэт Іуэхугъуэхэмрэ», «Иджырей литературэм критикэм щигъэзащІэ кьалэныр», «Иджырей сабий литературэр: ар адрейхэм кьазэрыщхьэщыкІымрэ зы-Іуущ Іэ лъэпощхьэпохэмрэ», «ТхакІуэ ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэщ кІэхэр журнал инхэм кьызэрытрадзэр», нэгъэущІ фІэщыгъэхэри зиІэ зэІущІэхэр, «стІол хъурейхэр» щрагъэкІуэкІащ форумым. Ди къэралми абы и гъунапкъэхэми кьыщацІыху тхакІуэхэу Арзамасцевэ Ириней, Бак Дмитрий, Войнович Владимир, Гордин Яков, Крючков Павел, Чупринин Сергей, Чухонцев Олег сымэ ящыщ тхакІуэ ныбжьыщІэхэр.

Мастер-классхэрэ «стІол хъурейхэмрэ» кьыдэхуэ зэман мащІэр Іэзэу щхьэпэхэмкІэ зэрыщІыт зэІущІэр кьызззэригъэпэщацхэм. ТхакІуэ ныбжьыщІэ Абузяров Ильдар и тхыгъэр и лъабжьэу траха «Къурмэн» кинофильмыр ягъэлъэгъуащ, езыми Іуагъэщіащ. Ныбжьыщіэхэр яфІэигъэщІэгъуэну щІэсащ Солженицыным и щхьэгъусэ Наталье, Урысейм и Лыхъужь, космонавт Батурин Юрий, нэгъэущІ цІыху цІэрыІуэхэри зыхэта зэІущІэхэм. Псом хуэмыдэу гъэщІэгъуэнт Батуриным Гагарин Юрий космосым зэрагъэлъэтам теухуауэ, ипэкІэ хэІущІыІу ямыщІауэ, кьиІуэтэжа хъыбархэр.

Розовский Марк и театрым дыщеплъащ «Дорогая Еленэ Сергеевна» спектаклым.

Умыщхьэхьу уеІэбых кьудеймэ, кьыпхуэщтэну творчествэ гупсысэ жьылэкІэ гъэнщІат зэхьихьэр. Усыгъэр зи Іэпэгъуэхэм пщыхьэщхьэкІэ зэпеуэхэр ирагъэкІуэкІырт, литературэм теухуауэ.

Махуихкіэ екІуэкІащ мы зэІущІэр. Абы кьырикІуар кьыщапщытэжьым ныбжьыщІэхэм ядэлэжьа тхакІуэхэм кьыхагъэщащ иджырей зэхьыхьэм кьрахьэлІа тхыгъэхэр ипэрейхэм зэрефІэкІыр, тхакІуэ щІалэхэм зэфІэкІ кьагъэлъагъуэ зэрыхъуар, ныбжьыщІэхэм литературэм и хабзэхэми езы литературэми фІыуэ хащІыкІыу кьызэрыщІэкІар.

Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и стипендиер зратыныхэмрэ «Новые писатели» сборникым си тхыгъэ итыну зыхуагъэфащэхэмрэ я цІэ кьраІуащ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Уэтей Хьэзэм и ехъулІэныгъэ

● Зэвгъэщіыху

Гуапэщ Сирием, Тыркум къиІэпхъукІыжа ди лъэпкъэгъуэхэр хуэмурэ къызэрыхэзэгъэжыр, республикэм щекІуэкІ Іуэхуэхэм жыджэру зэрыхэтыр, Абы и щапхъэщ Дунейпсо Артийскэ комитетым и вице-президент Бетыгъуэн Іэуес къэфакІуэхэмрэ уэрэджыІакІуэхэмрэ папщІэ иджыблагъэ къызэригъэпэща «Созвездие дружбы» III дунейпсо зэхьэзэхуэм етІуанэ увыпІэ къыщцызыхьа, мы тхыгъэр зытеухуа уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэ Уэтей Хьэзэм.

Уэтей Хьэзэм

Уэтейхэ я унагъуэм Нэхущ Чэрим щохьэщІэ.

ИЛЪЭСИПЩІ хъу Хьэзэм макъамэмрэ уэрэд жыІэнымрэ дахьэх. Илъэс зыбжанэ и пэкІэ, и унагъуэм щыгъуу ар Сирием къиІэпхъукІыжауэ Благовещенкэ къуажэм щопсэу. Гу зылъытэращи, Хьэзэм ящыщщ къызыхэкІам яхуэфащэу кьыдэкІуэтей, гугъэфІхэр уэзыгъэщІэблэм. Абы и адэ Амир Абхъаз зауэм хэтащ. И адэ къуэш Умар иракьдзэм и кхъухьлъатэзехуэти, Абхъаз зауэр кьызэрыхъеям и хъыбарыр щызэхихым къэкІуэжри, зи щхьэхуитыныгъэм щІэзэу и къуэшхэм якъуэуващ. Хьэзэм и адэшхуэ ФуІэди лъэпкъ Іуэху дзэзыгъкІ, адыгэбзэр, адыгэ хабзэр хъума хъуным хэлэжьыхьхэм ящыщщ. Ар жыджэру яхэтащ Сирием Адыгэ ФІыщІэ Хасэр къыщызэзыгъэпэщацэм.

Хьэрыпыбзэ фІэкІа зымыщІэу ди Хэкум къэІэпхъуэжа щІалэ цІыкІум пІалъэ кІэщым кьриубыдэу адыгэбзэри урысыбзэри уэрсэру зригъэщІащ. Хьэзэм Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм уэрэд жыІэнымрэ шыкІэпшынэ еуэнымкІэ щыІэ гупжьей-хэм макІуэ. Ар я гъэсэнщ Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щІыхь зиІэ я артисткэ, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ и колледжым и кьудамэм и унафэщІ Даур Иринэрэ Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм ныбжьыщІэхэр шыкІэпшынэм щыхуэзыгъасэ Щэджыхьэщ Зуриетрэ.

- ИлъэситІ сыщыхъум си адэм и жыІ телефоным хьэрыпыбзэкІэ тет уэрэдыр ззэгъэщІауэ щыташ. ИужькІэ курыт еджапІэм сыкІуэу «Смуглянка» уэрэдыр ззэгъэщІащ, - жеІэ Хьэзэм. - Сирием къикІыжа Джуди сэрэ Благовещенкэ къуажэм дыкъикІыурэ тхьэмахуэм зэ Налшык дыкъокІуэ. Иджыпсту зызогъащІэ Тут Заур жиІэ «Адыгэ на земле своей живут» уэрэдыр. Макъамэр ІэщІагъэ схуэхъуну сыщІохьэупс.

Хьэзэм «Смуглянка» уэрэдыр жиІэу Интернетым кьралъхьа видеор цІыху минищым нэблагъэм ягу дыхьэри, Іэ щІадзащ икІи абы цІэрыІуэ ирихьуащ. Апхуэдэу «Си бзэ» проектым и гъэлъэгъуэныгъэ пшыхьым уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэр ирагъэблэгъащ. Нэхущ Чэрим игъэзащІэ «Си дахэ», «Две души» уэрэдхэр абы зэрыщцыжиІами куэдым я гур хигъэхъуащ.

Уэтей Хьэзэм и зэфІэкІыр игъэнэхуну иджыблагъэ Іэмал иІащ. КъэфакІуэхэм рэ уэрэджыІакІуэхэмрэ я «Созвездие дружбы» дунейпсо зэхьэзэхуэм Хьэзэм етІуанэ увыпІэр кьыщихьащ, абы иІэзэщІащ Думэн Мурэдин итха «Си дахащэ» уэрэдыр. Дуней псом и щІыналъи 130-м къикІа ныбжьыщІэ 500-м щІигъу зыхэта зэпеуэм етІуанэ ущыхъуныр, дауи, ехъулІэныгъэшхуэщ. Ди хэкуэгъу щІалэм зэпеуэм и дыщэ медалымрэ щІыхь тхылъымрэ кьыхуагъэфэщащ. «Жьэгу» жылагъуэ зэгухьэныгъэм кьыбгъэдэкІыу Хьэзэм саугъэт лъапІэ тыгъэ кьыхуащІащ. Зыщыпсэу Благовещенкэ кьуажэм дэсхэр, адыгэ лъэпкъыр абы зэригъэгуфІамрэ зэригъэгушхуамрэ къэІуэтэжьигъуейщ.

Зэпеуэм Хьэзэм зэрыхэтыну фащэм щІыгъужьи хуей хьэзырхэмрэ бгырыпхымрэ Мэржэхъу Мэчэзіил тыгъэ кьыхуищІащ. Лъэпкъ фащэр щІалэгъуалэм хуратгъэдащ. Адыгэ пыІэр уэрэдус, уэрэджыІакІуэ Джадгъэф Хьусен хуищІри, кьритащ. КьищыкнымыщІауэ, Германием щыпсэу ди лъэпкъэгъу Темыркъан Заур мыпхукІэ зыкъыщыщІигъакъуэм, абыкІэ шыкІэпшынэ хэщІыкъуэпс.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш республикэхэм я цІыхубэ артист, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ Нэхущ Чэрим Хьэзэмхэ я унагъуэм щыщыхьэщІам жиІащ щІалэ цІыкІум удэлажьэрэ и зэфІэкІхэм зебгъэужьмэ, уэрэджыІакІуэ Іэзэ къызэрыхэкІынур. Къыхэгъэщыпхъэщ, и ныбжьым емылъытауэ, Уэтей Хьэзэм зэрыжьащрэр, куэдым зэрызрипщытыр, щІэм зэрытегушхуэр, и щІэныгъэм, зэфІэкІым зэрыхигъахъуэр. Ерыщу зи хъуэпсапІэкэр зэрызригъэхьулІэным хущІэкъуэ щІалэ жыджэрыр уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ зэрыхъунум шэч кьытетхъэркъым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Мэшбащіэ Исхьэкъ и илъэс

МахуитІ ипэ илъэс 70 ирикъуа метрополит Кирилл куэд щІауэ и ныбжьэгъущ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цІыхубэ тхакІуэ, СССР-м, Урысей Федерацэм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мэшбащіэ Исхьэкъ.
Сурэтыр 2003 гъэм *трахащ.*

Зеилъэр зыхуей хуагъазэ

Налшык и Зеилъэ (Кизиловка) бгым и Іэгъуэблагъэхэр зэІуэпэщ ящІ.

НАЛШЫКДЭСХЭМ сыт щыгъуи я кІуапІэу щыта мы щІыпІэр ноби цІыхуншэ хъуркъым. Спорт щыгъынкІэ хуэпауэ пщэдджьжь нэмэзым мыбы щыпэкІуэхэм я бжьгъэм къыхэхъуэ зэпытщ. Налшык и коммуналнэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм Зеилъэ щыгум щыІэ зыгъэпсэхупІэ станцыр щІадзауэ къагъэщІэрэщІэж, абы и Іэгъуэблагъэр тетІысхьэпІэхэмрэ щхъуантІагъэ дахэхэмкІэ ягъэщІэращІэ. Апхуэдэу бгы лъащІэм щагъэувынущ спортым дихьэххэм папщІэ тренажёр зэмылІэужьыгъуэхэр. ЩІыпІэр зыхуей хуэгъэзэным епха Іуэху псори ИлъэсыщІэр кьэмысу зэфІахынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Узыншагъэ

ИлъэсыщІэм нэмысу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Роспотребнадзор»-м хъыбар къызэритамкІэ, пыхуэсыху узыфэм ди щыхур щыхъумэным ехьэлІа лэжьыгъэр зэпагъэурым.

УПРАВЛЕНЭМ и Іэщіагъэлізхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, ОРВИ, пыхуэсыху узыфэхэм ди щыналъэм ИлъэсыщІэ нэужьым нэхъ зыщиубгъунущ, абыхэм нэхъ уаззэрыпэщІэтысфыну щыІэри вакцинэхэращ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ар илъэс къэс кьежьэ узыфэ лІэужьыгъуэм теухуауэ яхъуэ. ЦІыхухэм къагурыІуатхъащ, хущхъуэ зыхэзыгъэлъхьа дэтхэнэми а узыр нэхъ тыншу зэрыщхьэщыкІынур.

Мы зэманым ирихьэлІэу а вакцинэр зыхрагъэІуащ республикэм щыпсэухэм я зохуэдитІым нэхъ фІыуэ нэхъыбэм.

Ди республикэм и кьалэ, кьуажэ медицинэ Іуэхущ ІапІэ псоми а хущхъуэр яІэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

И кІэтІий и вакъэпсу

Республикэ МВД-м Наркотикхэр хабзэшагъэкІэ зэрызрагъэжьІуэкІым ебэныныкІэ и управленэм и полицейхэм, ФСБ-м и республикэ управленэм и лэжьакІуэхэр яІыгъуу, яубыдащ Мэзкуу кьалэм наркотикхэкІэр кьриш Налшык кьэзышэу шэч зыхуащІыр.

Илъэс 59-рэ зи ныбжь налшыкдэсым а псори щзхуу зэфІихыныкІэ Іэмалхэр кьигъэсэбэпырт: телефон зэпсэлъэкІэ щэхуэр, таксир, «Москва - Налшык» гъуэгуанэм тет автобусыр.

Щэч зыхуащІым героиныр кьахуэмыгъэтыну игъэпщкІуауэ ящыщыхъурти, пІейтейртэкъым кьыщащым.

ЦІыхухъур кьыщащым хуит ямыщІ гуэри езым иІыгъакъым, псори здэщыІэр и кІэтІийрауэ кьыщІэкІащ.

Сымаджэщым и хирургие кьудамэм медицинэ Іуэху мыгугъуэр щдагъэкІуэкІри, абы и кІэтІийм кърахащ зэхьэлІэгъуэ 800-м щІигъу порошок гъуабжэ, экспертизэм кьызэригъэлъэгъуамкІэ, «героин», «метадон» наркотикхэкІэр.

Хабзэхъумэхэм кьызэратымкІэ, наркотик зыщзм ар и япэ «зеІуэхъым». Куэдрэ суд зытращІыхьа налшыкдэсымрэ Шэджэм кьалэм щыпсэу абы и дэІэпыкъуэгъумрэ героиныр республикэм кьзгъэсысынымрэ ар мыбы щыщэнымрэ зэтраублауэ ирагъэкІуэкІырт.

Сом мелуани 3-м нэблагъэ и уасэ фадэ нэпцІ

КъБР-м щыІэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ и кьудамэм и лэжьакІуэхэм Нартан кьуажэм щэхуу фадэхэкІ щащІ цех щызэхуащІыжащ, - къет республикэ МВД-м и пресс-Іуэхущіапэм.

Абы кьыщагъуэтащ этикеткэ цІэрыІуэхэр зытегъэпщІа птулъкІэ мин 13,6-рэ, фадэхэкІ нэпцІ ящІыным хуагъэхьэзыра спирт литр 4400-рэ, пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Кьытраха фадэхэкІэхэр сом мелуани 3-м нэблагъэ и уасэщ.

КъБР-м щыІэ МВД-м щэкІуэгъуэм и 10 - 20-хэм «Алкоголь» зыфІаща лэжьыгъэ республикэм щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм хабзэм кьимытІасэу фадэхэкІ кьыщІащІамыгъэкІыныныр ирамыгъэщэнымрэ теухуауэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Инджылызыбзэр зэвгъэщІэну фыхуеймэ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылэжьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хуиту фытхэу, фыкъеджэу икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхъэр тхьэмахуэм щэ кьекІуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ. Япэ дерсыр щІэнщэу щытынущ.

Инджылызыбзэ зыыджину хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхъ секретарь), **Жылаеэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Ленениим и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьаныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мазкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Ленениим и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня,** *редактору* **Щоджэн Іэминат,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Аэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэгу яцІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Аидзэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1756